

# Resous Kominotè

**SafeLink** se yon liy dirèk gratis e konfidansyèl kont vyolans domestik ak resous nan tout eta Massachusetts pou nenpòt moun vyolans domestik afekte. Ou ka rele SafeLink si w bezwen pale sou sitiyasyon w oswa sitiyasyon yon lòt moun. SafeLink bay aksè aabri ijans nan tout eta.

Defansè SafeLink yo bileng nan Anglè ak Panyòl epi yo gen aksè a yon sèvis ki ka bay entèpretasyon nan plis pase 130 lang.

**Nimewo gratis SafeLink: (877) 785-2020.**

Pwogram lokal nan zòn Cambridge ki bay enfòmasyon konfidansyèl gratis sou vyolans domestik epi ki ofri sipò emosyonèl, defans, sèvis legal, planifikasyon sekirite, abri, ak anpil lòt opsyon ki endike pi ba a:

## Pwogram Sipò Konfidansyèl kont Vyolans Domestik

- Transition House (Mezon Tranzisyon) **617-661-7203** (Liy dirèk 24/7)
- Riverside Community Care (Swen Kominotè Riverside) **617-354-3911**
- Pwogram Cambridge Health Alliance Trauma Support and Resource (Sipò ak Resous pou Twomatis Alyans Sante Cambridge) **617-665-2992**
- RESPOND Inc. **617-623-5900**
- Massachusetts Alliance of Portuguese Speakers (Alyans Moun ki Pale Pòtigè Massachusetts) **617-864-7600**
- SAHELI **1-866-472-4354**
- Asian Task Force (Gwoup Travay Azyatik) **617-338-2355** (Liy Dirèk 24/7)
- The Network La/Red (Rezo La/Red la) **1-800-832-1901** (Liy Dirèk 24/7)
- Boston Area Rape Crisis Center (Sant Asistans kont Vyòl Zòn Boston) **1-800-841-8371** (Liy Dirèk 24/7)

## Asistans Legal

- De Novo Center for Justice & Healing (Sant De Novo pou Jistis ak Gerizon) **617-661-1010**
- Greater Boston Legal Services (Sèvis Legal Greater Boston) **617-603-1700**

## Edikasyon sou Vyolans Patnè Entim

- Emerge **617-547-9879** (Españòl: **617-657-4895**)
- Common Purpose (Objektif Komen) **617-522-6500**

## Avantaj Piblik ak Lòt Asistans

- Department of Transitional Assistance Domestic Violence Unit (Inite Lit kont Vyolans Domestik Depatman Asistans Tranzisyon) **877-382-2363**
- Cambridge Multi-Service Center (Sant Milti-Sèvis Cambridge) **617-349-6340**

Si ou apèn ap aprann sou relasyon, li nòmal pou w gen kesyon oswa pou w pa sèten si w vle pale sou enkyetid pou tèt ou oswa pou lòt moun.

Pou plis enfòmasyon vizite [loveisrespect.org](http://loveisrespect.org), tèks:

**LOVEIS nan 22522**, oswa rele: **1-866-331-9497 (TTY: 800-787-3224)**

**Cambridge Police Department (Depatman Lapolis Cambridge, CPD) kwè tout moun gen dwa pou yosanti yo an sante ak an sekirite nan relasyon yo ak houseld (fwaye yo).**

**Inite Vyolans Domestik CPD** a mennen ankèt sou tout ensidan atak ak vyolans ki fèt lakay yo rapòte, tankou:

- Vyolans patnè entim ak/oswa menas vyolans fizik
- Vyolans ant manm fanmi/fwaye yo
- Vyolans seksyèl
- Vyolasyon lòd restriksyon yo
- Asèlman ak siveyans kriminèl

Detektif ki plase nan inite sa a resevwa fòmasyon espesyal pou mennen ankèt sou krim vyolans domestik. Defansè Viktim yo disponib pou bay sipò, enfòmasyon ak sèvis dirèkteman a viktim vyolans domestik yo ak fanmi yo. Sèvis defansè viktim yo ofri yo, genyen:

- Planifikasyon sekirite ak entèvansyon nan ka kriz
- Sipò emosyonèl pandan tout ankèt lapolis la
- Defans jistis kriminèl ak akonpayman tribinal
- Asistans nan aplikasyon mezi restriksyon ak mezi prevansyon asèlman
- Referans a gwoup pou jwenn konsèy ak sipò konfidansyèl
- Referans a abri ijans, asistans pou chèche lojman, èd legal, ak asistans avantaj piblik

**Defansè Viktim Depatman Lapolis Cambridge yo disponib nan lè fonksyonman nòmal yo.**

Telefòn: **617-349-3371**

Imèl: [dvsauunit@cambridgepolice.org](mailto:dvsauunit@cambridgepolice.org)

**Nan kayon ijans, rele 9-1-1 anpremye.**

Pou asistans polis 24/7 ki pa yon ijans, rele **617-349-3300**.

# Èske ou enkyete w pou konfli ki nan relasyon w?

Tout relasyon gen konfli, men pafwa konfli ki repete abizif. Vyolans pa toujou fizik, li kapab vèbal, emosyonèl, finansye, oswa seksyèl tou. Ou pa pou kont ou si sa ap rive ou menm oswa yon moun ou konnen. Pafwa li difisil pou konnen kisa pou w fè oswa di lè vyolans fèt.

**Li plis sit la pou w konprann lè konfli devni vyolans ak ki opsyon sipò ki disponib.**



Tout relasyon ka fè eksperyans konfli nan yon moman. Pafwa li ka difisil pou di ki lè yon konfli ak yon konpòtman soti nan bon pou pase nan move, oswa menmabizif. **Vyolans se yon modèl konpòtman entimidasyon yon moun itilize pou jwenn oswa kenbe pouvwa ak kontwòl nan relasyon an.**

**Si w pa sèten si sa w ap viv la se vyolans, men kèk kesyon pou ede w:**

Èske patnè w/manm fanmi ou:

- Rabese w souvan, espesyalman devan lòt moun?
- Aji avèk anpli jalouzi epi kontwòl aktivite chak jou ou yo? Pa egzansp, èske yo:
  - Toujou ap siveye w oswa fè w di ki kote; w ye?
  - Verifye telefòn ou, imèl, oswa kont rezo sosyal ou?
  - Kontwòl ki moun ou wè, rad ou mete, aparans ou oswa ak ki moun ou pale?
  - Sèvi ak teknoloji pou swiv ou?
  - Entèfere nan pratik relijye w, sitiyasyon imigrasyon w, edikasyon, oswa travay ou?
- Santi gwo kòlè, chanjman tanperaman oswa imè?
- Fè w mal fizikman oswa menase pou fè w mal fizikman?
- Trangle oswa toufe w?
- Fè presyon sou ou oswa fòse w fè sèks, oswa fè zak seksyèl ki fè w pa alèz?
- Anpeche w jwenn èd oswa di w ke pèsonn p ap kwè w si w eseye jwenn èd?

Si ou reponn **WI** pou nenpòt nan sa ki pi wo yo, ou ka ap wè siy avètisman vyolans nan relasyon w oswa fwaye w. Ou pa pou kont ou. Genyen sèvis sipò, opsyon, planifikasyon sekirite ak sèvis defans ki disponib.

## Vyolans nan relasyon se yon kesyon de POUVWA AK KONTWÒL

Vyolans Domestik se yon modèl konpòtman abizif ak pou kontwòl kote yon moun ap eseye kontwòl panse, kwayans, oswa aksyon yon lòt moun. Sa ka rive ant patnè entim oswa manm fanmi/houseld (fwaye yo). Li kagenyen nenpòt oswa tout fòm vyolans sa yo: fizik, seksyèl, vèbal, sikolojik, emosyonèl ak finansye.

Anjeneral vyolans pa izole – li fòm yon modèl konpòtman. *Gade imaj Woulèt Pouvwa a ak Kontwòl la* ▶

- Konsidere Woulèt la kòm yon dyagram taktik ke yon patnè abizif itilize pou kenbe patnè l nan relasyon an.
- Andedan woulèt la genyen liskonpòtman rize, kontinyèl ki parèt gradyèlman yo. Sèk deyò a reprezante vyolans fizik ak seksyèl ki ka fèt tou.
- Sonje, li pa oblije gen vyolans fizik oswa seksyèl pou ou viv vyolans domestik nan relasyon w oswa nan fwaye w. Vyolans emosyonèl, sikolojik, vèbal, relijye, ak finansye se vyolans domestik tou.



### Kalme

Yo "bliye" ensidan an, pa gen okenn vyolans k ap fèt. Faz "lin de myèl" la.

### Devlopman Tansyon

Ogmantasyon tansyon, koupe kominikasyon, viktim nan vin pè ak santi nesite pou kalme agresèa.



### Rekonsilyasyon

Agresè a prezante eskiz, bay eskiz, akize viktim nan, nye vyolans lan te fèt, oswa di ke sa pa t grav jan viktim nan espliche a.

### Ensidan

Vyolans vèbal, emosyonèl ak fizik. Kòlè, akizasyon, diskisyon. Menasyo. Entimidasyon.

### Souvan vyolans fèt nan yon sik ki repete:

Li ka difisil pou mete fen nan sik vyolans lan, sitou si patnè w oswa manm fanmi w te konvenk ou ke se kanmenm fòt ou. Sepandan, li posib pou simonte sik la.

## Plan Sekirite

Yon plan sekirite se yon lis ide ou ka itilize pou ede w ogmante sekirite w. W ap jwenn pi ba a kèk ide ak sijesyon pou sekirite w. Tanpri sonje kèk nan opsyon sa yo ka pa mache pou tout moun.

- Konnen kay ou. Si ou santi pwoblèm, eseye deplase ale nan yon chanm kote ki pa gen zam yo epi ki gen yon sòti.
- Idantifye yon vwazen ke ou ka mande rele pou mande èd si li tande yon latwoublay nan kay ou a. Si ou pa ka mande yon vwazen, pale ak yon zanmi oswa yon manm fanmi ou fè konfyans pou rele mande èd pou ou. Ou ka vle ba li nimewo pou depatman polis zòn ou an.
- Ranje yon valiz ak bagay enpòtan, tankou kopi dokiman idantifikasyon pèsònèl ou ke w ap bezwen si ou ta gen pou oblije pati byen vit, tankou rad, medikaman, kat bankè, kopi dokiman enpòtan pou ou/pitit ou yo tankou paspò, green card (kat vèt), kat sekirite sosyal, elatriye.
- Mezi Restriksyon yo pa garanti sekirite, men yo ka yon opsyon pou konsidere si ou pè vyolans oswa vanjans paske w kite relasyon an.
- Ou dwe rete vijilan anrapò ak anviwònman w lè w an piblik. Si w panse y ap suiv oswa siveye w, eseye chanje abitud ou yo, wout vwayaj ou yo, elatriye.
- Li kapab fasil pou kontrole enfòmasyon pèsònèl sou entènèt la. Efase istorisite navigatè yo souvan. Chanje modpas epi verifye paramèt konfidansyalite yo sou telefòn entelijan oswa aparèyelektwonik yo pou evite lokalizasyon GPS.

Kontakte lapolis pou jwenn sipò ka pa sanble yon opsyon ki an sekirite pou tout moun. Si se konsa, gen lòt fason pou chèche èd. Ou ka jwenn enfòmasyon sou sèvis gratis ak konfidansyèl anba **Resous Kominotè** sou lòt bò a nan bwochi sa a.